

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Patisipasyon chak sitwayen
se chimen pou bati lapè nan peyi a

Kèk refleksyon pou tan karèm 2005
lekti ane A

9yèm ane
Pòtoprens, Janvye 2005

Dimanch 20 fevriye 2005
Dezyèm dimanch tan karèm

Dimanch nasyonal Jistis ak Lapè

Ak lapriyè nou, ak patisipasyon nou, ak tout lòt konkou n ap bay la
nou kapab ranfòse travay Legliz la ap fè
pou levanjil jistis, lapè ak kè kontan gaye nan tout peyi a.

*Se chans pou moun ki grangou ak swaf sa ki kèrèk la,
Se chans pou moun kap travay pou moun viv ak kè poze.*
(Matye 5, 6 ak 9)

Yon ti mo pou louvri chimen karèm 2005 la

Nan kèk jou, Legliz la pral antre nan tan karèm 2005 lan. Chak tan karèm se yon moman pou n pran konsyans pi plis nou se yon pèp Bondye renmen. Pèp Bondye a se Legliz la, ki Kò Kris la. Men tou, Pèp Bondye a se chak pèp sou latè beni, paske Bondye bay yo chak lavi. Li vle pou tout sitwayen viv nan tèt ansanm nan mitan yo, epi nan tèt ansanm youn ak lòt. Legliz la nan mitan pèp yo kòm yon gran siy ki montre ki jan moun ak divès lide, konviksyon, manm divès fanmi ak ras kapab viv ansanm. Se yon bagay ki pa fasil, ki bezwen anpil motivasyon epi ki mennen anpil tèt chaje. Nou wè sa aklè lè n gade nan peyi nou ki jan rich ak pòv, ki pafwa batize nan non menm Kris la, ap viv youn akote lòt, san youn pa sansib pou lòt.

Se poutèt sa, pandan tan karèm nan, Legliz la envite patizan Jezi yo ak tout moun bon volonte pou yo antre pi fon nan reskonsablite sosyal yo. Jezi kite Legliz li a kòm yon siy prezans Peyi kote Bondye Wa a nan mitan n. Legliz la dwe tankou yon ledven nan sosyete a, yon limyè sou mòn nan, yon disèl ki bay manje a gou. Pou ede n nan sans sa a, Legliz la genyen yon Ansèyman Sosyal, kote l mare konviksyon lafwa li ak reyalite tan n ape viv la. Li enpòtan pou n sèvi ak Ansèyman Sosyal Legliz la [ASL] pandan tan karèm nan, pou ede pèp nou an reflechi epi aji kòm pèp.

Ane sa a, Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè pwopoze tèm **p a t i s i p a s y o n** kòm gid pou tan karèm nan. Pou peyi a mache, fòk chak moun pote patisipasyon pa li. Tèm patisipasyon an se youn nan tèm prensipal yo nan ASL la. Se youn nan twa [3] wòch yo pou mete lavi sosyete a chita, ansanm ak desantralizasyon epi solidarite. Patipasyon nan lavi sosyete a, se yon fason konkrè pou viv diyite nou kòm moun.

Patisipasyon chak sitwayen se chimen pou bati lapè nan peyi a

Nou detaye tèm sa a an divès moso. Chak dimanch genyen tèm pa li:

- Patisipe pou lakreyasyon Bondye a toujou bèl: mete men nan anviwònman ak ekoloji.
- Patisipe pou lakay nou ak fanmi nou toujou bèl.
- Patisipe pou konstwi peyi a: ki sans reyalite politik la ak Eta dedwa genyen.
- Patisipe nan misyon sosyal Legliz la: ki sans Ansèyman Sosyal Legliz la genyen.
- Patisipe pou bati sosyete a : ki sans demokrasi ak eleksyon genyen.

Patisipe pou bati yon peyi, kote tout moun ap viv selon diyite yo kòm Pitit Bondye, mande pou n bay tèt nou pou lòt. Sa se tèm pou dimanch Ramo a, kote Jezi bay tèt li pou rasanble yon pèp k ap sèvi Bondye Papa a. Patisipasyon toutbon pa fèt nan egoyis, pran tout pou ou. Se mete men ansanm ak lòt pou sa ki bèl reyalize pou nou tout ansanm. Pi bèl bagay nou genyen, se peyi n pou bati ansanm.

Pou fini, dimanch Pak la menm envite n pou patisipe nan rekonsilyasyon peyi a. Pou bati Lapè, nou dwe chwazi chimen Lapè tankou sa k kòrèk ak verite, padon ak rekonsilyasyon. Lapè se gwo kado Kris ki leve vivan an.

Nou pwopoze lide sa yo kòm yon gid pou ede n pran plis konsyans reskonsablite sosyal yon patizan Jezi Kri daprè Ansèyman Sosyal Legliz la. Tèm sa yo pa fasil. Poutèt sa, yo mande bon jan preparasyon pou sèvi ak yo.

Ansanm ak divès lòt sektè nan Legliz la, nou te prepare tou yon ti fèy ki kapab sèvi nan lekòl yo ak nan gwoup jèn yo. Genyen fèy pou timoun ak jèn, yo chak jwenn pa yo. Konsa yo chak kapab reflechi sou tèm sa yo yon fason ki mache ak pwòp entelijans ak kapasite yo. Nou te prepare yo ansanm ak CEEC, OPM, Kiwo ak CHR.

Nou envite tout pawas yo sonje: dezyèm dimanch tan karèm nan se Dimanch Nasyonal Jistis ak Lapè (JILAP), jan sa ekri nan òdo Legliz d Ayiti a, nan paj 8. Se yon okazyon pou n fè moun yo konnen travay JILAP la pi byen, ki nan sèvis evanjelizasyon Legliz d Ayiti a ap fè. Fidèl yo kapab bay konkou ak kontribisyon pa yo pou komisyon yo kapab mache pi byen nan pawas yo, nan dyosèz yo, jis rive nan komisyon nasyonal la.

Komisyon Jistis ak Lapè swete nou yon bon tan Karèm 2005, plen lagras ak favè Gran Mèt la.

Pòtoprens, janvyè 2005

*Premye dimanch karèm
13 fevriye 2005*

Patisipe pou kreyasyon Bondye a toujou bèl

Jenez 2,7 rive 3,7 : Bondye soufle yon souf lavi nan twou nen moun nan.
Wòm 5, 12-19 : Adan se pòtrè Sila ki te dwe vini an.
Matye 4, 1-11 : Lespri a menmen Jezi nan dezè a pou djab la seye l.

Konprann Pawòl Bondye a

- Liv Jenèz la ede nou konprann bèl pozisyon nou genyen kòm moun nan mitan tou sa Bondye kreye. Diyite nou kòm moun parèt aklè depi n sòti nan men Bondye. Moun fèt ak pousyè tè ... ki vle di, nou fè pati tout kreyasyon Bondye a. Epi, Bondye soufle souf li nan twou nen moun nan... ki vle di, nou fè pati Bondye. « Bondye kreye n pòtrè ak li ». Lòt kote nan istwa kreyasyon an, yo di n: Bondye kreye moun gason ak fi. Se konsa Labib la fè n konprann diyite chak moun genyen... chak gason kou chak fi, rich kou pòv, nwa, blan kou milat, chak moun, chak pèp sou latè fè nou sonje Bondye ki kreye l ak diyite.

Bondye plante jaden an e li mete moun kòm gadyen li. Bondye konfye travay li nan men moun. Men kalite konfyans Bondye fè moun. Men gwo konfyans Bondye fè chak pèp li konfye mòso nan sa l kreye. Bondye konfye n pwòp pwojè pa li. Bondye ba n patisipe nan travay li. Nou patisipe, ki vle di nou responsab tout sa Bondye konfye n. Patisipe kòm moun ki responsab mande yon seri chwa pou fè. Chak moun genyen desizyon sila a pou pran ak tout konsyans li, anba limyè Lespri Bondye a.

- Jezi li menm tou te sibi tantasyon pou l te detounen pwojè Bondye nan pwòp avantaj pa l, pou chèche pouvwa, lajan ak siksè. Li te sibi tantasyon pou sèvi ak pouvwa ekonomik, pouvwa politik ak pouvwa relijye pou reyalize pwòp

pwojè pa l. Lè n gade istwa tantasyon yo byen, n ap dekouvri divès tantasyon sa yo. Di wòch yo tounen pen, se siy yon pouvwa ekonomik ki pa chita sou travay. Jete kò ou anba, se pawòl yon pouvwa politik ki chita sou demagoji ak pwomès. Bese tèt devan m, se siy yon pouvwa relijye ki bliye kilès ki Bondye tout bon vre.

Tout sosyete ki fèt pou avansman yon sèl moun, yon ti gwoup, epi k ap mete moun sou kote, pa mande pou tout moun patisipe ak tout kapasite yo, ak tout konsyans yo, ak tout entelijans yo. Jezi montre nou chimen yon angajman konsekan ki chita sou patisipasyon tout moun.

- Adan se pòtre Moun nouvo a. Moun nouvo sila a, se li k mete tout konpetans, entelijans ak konsyans li pou reyalize pwojè Bondye. Pwojè Bondye a la depi anvan kreyasyon an fèt. Se Jezi ki fè n konprann li nan tout bèlte l ak tout konsekan li yo. Nan leve Jezi leve pami mò yo, pwojè a konmanse reyalize nan mitan nou. Jezi se Moun nouvo a ki montre n ki jan n kapab vin Moun nouvo, nou menm tou.

Nou menm, nou kapab patisipe nan tout pwojè Bondye a, etan n ap travay pou fè respekte tout sa Bondye kreye, pou kreyasyon an pa tonbe anba men kèk pwojè egoyis, men pou l kapab rete kòm yon byen ki sèvi tout limanite, ni sa k la jodi ni sa k ap la denmen.

Koute Ansèyman sosyal Legliz la

Sou diyite chak moun genyen

Patisipe vle di chak moun konte, paske chak moun gen valè ak diyite l. Chak moun gen kado ak don li resevwa nan men Bondye, e ki enpòtan pou tout sosyete a.

Ki sa n rele **diyite moun** menm ?

- *Diyite moun, ou pa ni achte l, ni vann li ni negosye l. Diyite se pa yon favè moun fè moun. Mete sou li, diyite pa depann de fòs pouvwa, entelijans ak*

richès yon moun genyen. Depi yon moun fèt nan vant manman l, li abiye ak diyite chak moun genyen. Se li k fè yon moun moun tout bon.

- *Youn nan manyè yon moun kapab montre diyite l, se nan kapasite l genyen pou l kalkile e aji ak tout libète e reskonsablite. Men, diyite pa depann de kantite konesans ou entelijans yon moun genyen, paske diyite yon moun se mak fabrik moun nan menm li ye.*

Gwo valè ak diyite yon moun genyen paske li se moun, pandan tout tan e tout kote, se sa k fondman dwa yon moun genyen nan tout sikonstans. Se li ki sous tout dwa ak privilèj chak moun dwe respekte lakay yon lòt. Men tou, se li k fondman devwa l, paske pa genyen dwa si pa gen devwa. Epitou, diyite nou kòm moun mande n aji ak konsyans e reskonsablite. Patisipe nan zafè sosyete a se yon dwa chak moun genyen, se yon devwa li ye tou ki korèsponn ak diyite nou kòm moun.

Diyite moun genyen, se **yon kado**. Nou fèt pou n sanble ak Bondye, pou n pòtre avè l, epitou nou jeran l sou tè a. Bondye retire pèp li nan esklavaj : sa fè n wè diyite pèp yo genyen. Pitit Bondye a tounen moun nan mitan nou. Bondye rele n pou n pataje pwòp lavi li. Kò nou se kay Lespri Bondye a ak manm nan Kò Kris la.

Men tou, diyite moun genyen, fòk gen **yon batay** pou yo pa pase l anba pye. Nou dwe lite pou tout moun kapab viv nan yon seri kondisyon ki korèsponn ak diyite moun nan. Plis toujou, diyite nou mande n aji tou yon fason ki dakò ak li. Men kèk kondisyon ak konpòtman ki ede n reyalize diyite n :

- Kondisyon lavi ki kòrèk, tankou nouriti, kay, swen sante,
- Jistis ak respè pou dwa moun,
- Konprann devwa n anvè lòt yo e viv yo,
- Yon edikasyon ki pèmèt nou viv kòm moun nan mitan lòt pèp ki sou tè a,
- Respè pou lòt, ak rekonesans nan men lòt yo.

Men yon ti pawòl nan Ansèyman Sosyal Legliz la

Diyite moun parèt bèl nan je tout moun, lè n rekonèt ki kote moun nan sòti ak ki sa ki destine li. Se Bondye ki kreye moun nan pou l sanble ak li. Se san Kris la ki delivre l. Vokasyon moun nan, se pou li vin « pitit nan Pitit la », ak kay vivan Lespri a. Pou tout rezon sa yo, chak fwa genyen vyolasyon diyite yon moun, sa mande reparasyon devan Bondye, paske se yon mank dega pou Sila a ki kreye moun nan.

Sou layik k ap suiv Jezi Kri yo, # 37

Patisipe nan jesyon tout sa k egziste

Ki responsablite n devan kreyasyon Bondye a? Men yon ti pawòl nan ***Ansèyman Sosyal Legliz la sou anviwònman an :***

Setyèm kòmandman Bondye a mande pou n respekte tout sa Bondye kreye nan fason li te kreye yo. Bèt yo, plant yo, tout sa k egziste yo dwe sèvi pou reyalize sa k nan enterè tout moun nan sosyete a, ayè, jodi a ak denmen (gade Jenèz 1, 28-31). Nou dwe mare egzijans moral ki genyen nan lavi a ak fason n sèvi ak tout resous mineral yo, plant yo ak bèt yo. Lè Kreyatè a bay moun nan dominen sa k egziste yo, sa k pa genyen lavi ak sa k vivan yo, se pa yon pouvwa san limit li ba yo. Men, se pou asire yon bon jan lavi pou pwochen an. Jenerasyon moun k ap vini yo ladan tou. Tout sa mande pou n respekte vrèman tout sa Bondye kreye yo.

Katechis Legliz katolik, # 2415

Jodi a, nan peyi a nou pran plis konsyans enpòtans anviwònman an genyen pou lavi moun. Depi yon ti lapli tonbe se gwo inondasyon nan vil ak bouk nou yo. Ann sonje Fon Verèt, Mapou, Gonayiv, Chansòl, ak plizyè lòt kote toujou ... Anpil lòt lokalite ak vil nan peyi a twouve yo anba menm menas sila a. Se vre, nou pa kapab evite tout dezast sa yo. Men move konpòtman moun fè peyi a pa ka sipote okenn kontraryete, okenn difikilte. Tè a fin devaste. Nenpòt ti lapli fè gwo ravaj.

Lè n gade nan lari kapital la, Pòtoprens, depi yon ti lapli tonbe, tout lari yo tounen larivyè. Tout kanal yo fin bouche ak tè ak wòch ki soti nan mòn. Epitou, boutèy plastik yo ak tout lòt fatra ap fè rèss la. Si genyen lapli, anpil katye anba menas eboulman. Gen zòn nan vil la menm ki frajil si ta genyen yon tranbleman tè. Ki moun ki montre sa di l kichòy ? Chak fwa, se apre chwal la fin pase yo rele : fèmen baryè a.

Anviwònman se anpil lòt bagay toujou. Ki kalite lè nou respire ? Tout vye lafimen ki sòti nan machin ki mal regle antre nan kò moun. Li kapab lakòz gwo maladi, paske kò moun pa fèt pou sa. Lè n boule plastik ak kawotchou, se yon pwazon pou sante moun nou voye nan lè a.

Viv byen ak anviwònman an, se konprann nou se yon moso nan kreyasyon Bondye a. Lè n pran swen li, se pwòp tèt nou nou okipe tou. Lanati, se pa yon vye machandiz oswa yon senp bagay, men li se yon frè, yon sè nou dwe okipe e pwoteje. Si n pwoteje l, l ap pwoteje nou tou. Sonje Sen Franswa d Asiz.

Tout sa mande pou chak moun bay patisipasyon l kòm sadwa. Patisipe se yon fason konkrè pou n pran responsablite n devan tout sa k egziste. Pòl ki Sen fè n sonje, se tout kreyasyon an k ap tann revelasyon laglwa pitit Bondye yo (Wòm 8, 19-21). Se Fèt Pak pou tout lakreyasyon Pòl ki sen ap anonse la a.

Yon senbòl pou premye dimanch tan karèm nan

Pote yon gwo plant ki bèl. Li fè n sonje Pye bwa Lavi a Bondye te plante nan jaden Edèn nan. Envite moun yo pou vin touche l.

An n chwazi lavi pou tout sa Bondye kreye.

*Dezyèm dimanch karèm
Dimanch Jistis ak Lapè
20 fevriye 2005*

Patisipe pou bati lakay nou ak fanmi nou

Jenèz 12, 1-4 : Kite peyi ou, pou al nan peyi m ap montre ou la.

2 Timote 1, 8-10 : Bondye sove n, selon favè li fè nou an.

Matye 17, 1-9 : Jezi chanje fòm devan yo, figi l vin klere.

Konprann Pawòl Bondye a

- Dezyèm dimanch karèm nan pale sou chanjman ak patisipasyon nou pou reyalize l. Reyalize yon lavi ak yon peyi ki dakò ak diyite nou kòm moun mande chanjman nan relasyon n youn ak lòt. Ki chanjman ki dwe genyen ? Abraram dwe kite peyi l pou pwomès Bondye yo kapab reyalize. Bondye mande l patisipe pou reyalize pwojè li. Gen yon wout pou l fè. Gen yon chimen pou l rale, li menm ak tout fanmi, ansanm ak tout pèp k ap pran nesans apre li menm. Se kokenn chenn patisipasyon sila a Abraham genyen pou bay pou reyalize pwojè Bondye a. Chanjman nan peyi a konmanse ak chanjman ki genyen nan yon fanmi.
- Chimen chanjman tout bon an, chimen Pak la se Jezi ki fè n wè l. Se chimen patisipasyon ak fidelite jis nan bout. Fidelite ak Bondye, fidelite ak pèp li a. Fidelite ak patisipasyon nan liberasyon pèp la. Jezi fè n wè tou, se tout sa n ye, tout reyalite n ap viv kòm moun ki fè pati pwojè Bondye a.

Nan Jezi, nèg Nazarèt la, Bondye antre nan kondisyon moun yon fason ki san parèy. Deja nou t ap di : nou chak pote souf lavi Bondye a nan nou (gade premye dimanch tan karèm nan). Nan evènman levanjil la jodi a, kote Jezi chanje figi devan patizan l yo, li parèt aklè se tout nou menm Bondye rele, jan nou ye, ak tout sa n ye ak tout sa n genyen.

- Jezi se yon moun toutbon. Yon moun, se pa yon lespri ki rive nan yon kò tankou yon prizonye nan yon kacho. Se gras a kò nou, nou youn rankontre ak lòt, youn kapab sansib pou lòt, youn kapab renmen lòt, youn kapab pran ka lòt. Lè n wè yon moun ap souffri, se tout kò n, kè n, zantray nou ki santi l. Nou plis pase kò n, men si pa t gen kò sa a, nou pa ta kab patisipe vre nan reyalite lavi a kote Bondye ap aji, ap travay, ap reyalize Peyi kote l Wa a.

Chanjman nou menm ak peyi a bezwen an, dwe tounen yon reyalite, menm jan kò nou ak tout egzistans nou se yon reyalite. Lavi toutbon fèt Pak la nou kwè ladan an, parèt depi isit la. Jan Apòt Pòl di l : Lagras Bondye vin vizib devan je nou. Se tout sekrè Pawòl la ki tounen moun nan ki esprime nan pawòl sila a.

Premye reyalite kote chanjman an ak nouvo konpòtman yo dwe vin vizib, se nan fanmi nou yo. Se poutèt sa, jodi a, nou gade fanmi yo tankou yon lekòl kote n dwe aprann met men pou bati sosyete nou ak kote fòmasyon konsyans moun yo dwe fèt.

Gade Ansèyman Sosyal Legliz la

Lafanmi, yon lekòl pou aprann patisipe

Lè Legliz la pale sou sosyete a, li toujou ap pale sou fanmi yo ki premye wòch sosyete a. Se nan yon fanmi yo transmèt bay timoun ak jèn yo sa k vreman enpòtan pou sosyete a. Yon fanmi se yon lekòl pou aprann mete men, pou aprann patisipasyon. Se nan bay tèt nou youn pou lòt fanmi yo kapab kanpe.

Devwa pou fè edikasyon jwenn rasin li nan vokasyon paran yo genyen pou patisipe nan travay kreyasyon Bondye a li menm. Lè paran yo fè yon pitit, yo fè l paske youn renmen lòt, epi paske yo vle renmen yon lòt moun Bondye rele pou grandi, pou devlope. Paran yo dwe pran responsablite yo pou ede l viv yon vi ki fèt pou moun.

Se sa Konsil Vatikan 2 fè n sonje : « Paran yo, paske yo te bay timoun yo lavi, genyen yon obligasyon ki pa piti pou elve yo. Konsa, nou dwe rekonèt se yo menm ki premye e ki pi gwo edikatè pou pitit yo. Wòl sila a konsekan anpil. Lè paran yo manke ladan l, li pa fasil pou pran plas yo. Se paran yo ki dwe kreye yon klima familyal, kote gen renmen ak respè pou Bondye ak pou lòt yo, ki pou pèmèt timoun yo jwenn yon edikasyon total kapital pou vi pèsònèl ak sosyal yo. Konsa, fanmi an se premye lekòl pou aprann tout bon kalite lavi nan sosyete a mande. Okenn sosyete pa kapab mete fanmi an sou kote. »

Paran yo genyen dwa ak devwa pou fè edikasyon pitit yo. Sa se yon bagay fondamantal, paske se yo k te bay pitit yo lavi. Se yon bagay espesyal tou ki gen priyorite parapò ak devwa edikasyon lòt enstitisyon yo genyen. Rezon an senp. Relasyon renmen ki mare paran yo ansanm ak timoun yo se yon bagay apa, pyès lòt moun pa ka pran plas li oswa diminye enpòtans li. Sa vle di: ou pa kab bay yon lòt moun fè l pou ou, sinon l ap toujou genyen yon bagay ki manke kanmenm.

Familiaris Consortio # 36

Fòmè konsyans moun

Premye edikasyon ki dwe fèt, se edikasyon konsyans moun. Edikasyon sila a konmanse depi yon moun toupiti. L ap dire tout lavi l. Ki sa k konsyans moun nan ? Nan fon kè l, moun nan dekouvri yon règleman, yon lwa, san se pa li ki mete l, men li fèt pou obeyi l. Vwa sila a ap pale nan fon kè l, li envite l pou l renmen, pou fè sa k byen e pou evite sa k mal. ... Se yon lwa Bondye te ekri nan kè moun nan. Konsyans lan se li ki sant ki pi sekre nan kè yon moun. Se yon kote sakre kote li sèl ak Bondye ki fè l tandè vwa l (*Vatikan 2, Kè kontan ak lespwa*, 16).

Pou patisipe nan pwojè Bondye a, nou dwe aji ak konsyans. Konsyans la fè yon moun konprann sa ki byen ak sa ki mal, sa ki fè lavi vance ak sa ki fè mal pran pye. Chak moun genyen konsyans, paske vwa Bondye pale nan fon kè chak moun. Gras ak konsyans li, yon moun kapab dekouvri ki valè moral zak l ap fè a genyen.

Se konsyans nou ki pèmèt nou pran reskonsablite pou aksyon nou poze yo. Yo pa ka mande yon moun pou aji kont pwòp konsyans li, men tou, yo pa kapab anpeche l aji yon fason ki dakò ak sa konsyans li mande l.

Nou deja wè, konsyans moun nan dwe fòmè yon fason ki kòrèk. Tout kalite enfliyan ap aji sou konsyans li pou defòmè l, pou fè l pèdi sansiblite l. Anpil vwa ap pale ak moun yo chak jou. Poutèt sa, edikasyon konsyans dwe fèt pandan tout lavi moun nan. Depi l piti jouk lè l granmoun. Fanmi yo genyen yon wòl enpòtan ladan l, ansanm ak edikasyon lafwa timoun yo ak jèn yo.

Lè n gade konpòtman anpil moun nan sosyete a, lè n konstate mank sansiblite klas sosyal yo youn anvè lòt, lè n wè degre koripsyon nan administrasyon piblik yo ak mantalite ki mele m ki vin pran pye nan sosyete nou an, sa dwe mete n kalkile. Ki jan edikasyon konsyans moun sa yo fèt? Eske fòmasyon ak edikasyon sila a te fèt yon fason ki alawotè pwoblèm ak reyalite peyi a ap viv?

Eske vrèman moun kwè y ap kapab chanje sityasyon peyi a, si anyen pa chanje nan konpòtman konkrè sitwayen yo, si moun yo pa konprann peyi a se pa yo li ye, tout lòt moun ki la ak yo se frè yo, se sè yo? Chak fanmi dwe yon lekòl ki montre timoun ak jèn ki jan yo dwe viv e patisipe nan lavi sosyete a. Lè moun aji ak tout bon konsyans yo y ap ede pou peyi a tounen avangou peyi kote Bondye Wa a.

Yon senbòl pou dezyèm dimanch tan karèm nan

Nou kapab pote kèk wòch oswa kèk blòk.

Yo reprezante fanmi yo ki fondman sosyete a. Yo montre ti kominote ak vwazinay yo ki fondman gwo sosyete a.

An n mèt men pou bati lakay nou ak ti kominote nou yo.

*Twazyèm dimanch karèm
27 fevriye 2005*

Patisipe pou bati kominote nou ak peyi nou

Egzòd 17, 3-7 : Moyiz di Granmèt la : sa pou m fè pou pèp sa a ?

Wòm 5, 1-8 : Espwa pa p pran desepeyon, renmen Bondye a vide nan kè n,

Jan 4, 5-42 : Jezi di madanm Samari a : ban m bwè, souple...

Pandan 3 dimanch nou pral koute 3 istwa nan levanjil selon Jan ki sen. 3 dimanch sa yo santrè sou preparasyon kandida pou batèm yo. Yo detaye lavi nouvo pèp Bondye ap rasanble a. Yo kapab gide n tou etan n ap chèche yon nouvo wout pou pèp Ayisyen an jounen jodi a. Nan dimanch sila a, n ap gade patisipasyon nou dwe bay pou bati peyi a ak sosyete a.

Konprann Pawòl Bondye a

- Li pa fasil pou n viv nan libète selon diyite ak reskonsablite nou genyen kòm moun. Premye Pèp Bondye a te fè eksperyans sa a apre li fin kite peyi Lejip. Dezè a di. Se nan dezè a pèp la dwe aprann òganize tèt li. Kounye a se pa lezòt yo k ap di li ki sa li dwe fè. Li reskonsab tèt li ak pwòp avni li. Devan difikilte yo, tout moun dwe bay patisipasyon yo. Men gen sa k vle tounen dèyè, nan esklavaj Lejip la. Y ap bougonnen kont Moyiz. « Eske ou te mennen n nan dezè a pou n mouri swaf dlo ? » Se konsa yo pale ak Moyiz ki mande pèp la pou l pa pèdi konfyans, men pou l kontinye mache, lite, avanse. Se ak patisipasyon tout moun yo dwe reyalize delivrans yo a.
- Nan levanjil la, Jezi rankontre ak madanm Samari a epi li pale avè l. Lè l fè sa, li touche anpil vye koutim ak divizyon ki te genyen ant Jwif ak moun Samari yo. Gason pa pale ak fi. Jwif pa pale ak Samariten. Pou kisa moun fè lavi a difisil konsa ? Pou kisa tout prejije ak divizyon sa yo ? Pou kisa moun ak gwoup sosyal yo pa ka pale ansanm sou fason pou yo òganize jistis, sou

patisipasyon chak ap bay, sou devlopman ak lavi tout moun dwe jwenn, sou sa k fè peyi a jwenn respè ?

Jezi montre aklè divizyon sa yo pa fè Bondye plezi. Yo pa gen sans. Yo pa pèmèt lavi vanse. Yo gen pou disparèt si moun koute Lespri a, e si yo viv nan verite youn ak lòt. Se sa ki « Adore Bondye nan Lespri ak Laverite. » Sa se chimen Pak la, kote nouvo pèp Bondye ap mache a.

- Jodi a nan peyi nou, nou dwe aprann viv e òganize sosyete nou nan lespri ak laverite. Sitou, nou dwe aprann fè politik nan lespri ak laverite. Sa vle di : aktivite politik la tou dwe tounen yon zouti pou moun vin moun tout bon nan yon sosyete kote gen respè pou dènye pitit Bondye.

Politik pa dwe yon senp lit pou pouvwa. Okontrè, li dwe yon zouti nan sèvis lavi moun nan sosyete a. Konsa, peyi a ap vin pi plis yon avangou peyi kote Bondye Wa a, yon prèv ki montre aklè : Bondye kreye n pou lavi, li pa fè n pou lanmò. Sa se gwo mesaj fèt Pak la ba nou.

Gade Ansèyman Sosyal Legliz la

Pou politik la tounen yon zouti pou lavi moun nan sosyete a, nou dwe konprann byen ki sa politik la ye.

Konprann byen ki sa politik la ye

Nou vle pale sou politik yon fason ki pozitif, yon bagay ki bon epi ki nesèsè. Mo politik sòti nan yon mo grèk ki rele “*polis*”, ki vle di : vil la, kominote a, sosyete a. Konsa, politik vle di *sa k gen rapò ak sosyete a*, tout sa n fè pou *pran swen sosyete a, pou òganize sosyete a pou l rive jwenn objektif li, oswa pou l anfòm pou tout moun.*

Politik : òganize sosyete a pou l jwenn objektif li : lavi moun nan lapè youn ak lòt. Politik se yon aspè nan lavi sosyal moun, yon chapant sosyete a.

Politik toujou vle di : jere pouvwa Leta a. Lè sa, politik se zafè pa Leta ak enstitisyon l yo. Epitou, politik se divès aktivite legal moun ap mennen pou jwenn pouvwa ak otorite nan Leta.

Men ki jan ASL pale sou sa politik la ye :

Nou dwe fè diferans ant de [2] fason pou pale sou politik ak angajman politik. Dabò **politik la gen yon sans laj**. Li ranmase tout sa ki konsènen enterè tout moun ak diyite tout moun ki nan yon peyi oswa nan lemonn. Se politik sa a ki chache mete aklè valè ki fondamantal pou tout kominote a (antant ki dwe genyen anndan l ak sekirite nan relasyon ak lòt yo), se li k chache ki jan « tout moun egalego » ak « chak moun gen libète » mache ansanm. Li chèche adapte otorite Leta ak sa yon moun oswa yon gwoup moun ap fè pou kò yo. Li balanse enterè peyi a ak tout kalite tèt ansanm ak peyi etranje. Li chèche mete metòd yo aklè ak kondwit moral ki dwe genyen nan relasyon ant moun k ap viv nan sosyete a. (...)

Aprè sa, genyen **politik yon ti gwoup**. Pou reyalize sa n sòt di a, an jeneral, nou wè yon gwoup sitwayen ap mete tèt yo ansanm. Y ap òganize yon « pati politik ». Y ap chache genyen pouvwa pou regle tout kalite pwoblèm ekonomik,

sosyal e politik. Yo genyen filozofi pa yo ak prensip yo. Nan sans sa a, yo pale sou politik yon pati. Gwoup sa yo konn kreye yon ideyoloji (yon pakèt lide ki esplike poukisa y ap fè sa y ap fè a). Menm si yo pran lide nan ansèyman kretyen yo, yo konn rive nan rezilta ki diferan anpil. Poutèt sa, okenn pati politik, menm si l pran lide nan ansèyman Legliz la, pa kapab tounen pòtvwa pou tout fidèl yo. Pwogram konkrè yo pa kapab genyen valè tout moun blije asepte.

Puebla, 521, 523

Konsa nou wè : politik mare ak nannan lavi nou nan sosyete a. Li mare ak reyalyte konfli yo anndan sosyete a, epi fason yo dirije pouvwa ak otorite ki pou regle konfli sa yo. Konsa, politik se jere epi òganize yon sosyete pou li kapab jwenn objektif li, sa vle di sa k nan enterè tout moun.

Pou òganizasyon sosyete a genyen sans, fòk genyen angajman sitwayen nan sosyete a, kit li nan yon pozisyon politik, kit li fè presyon pou pi bon jesyon fèt. Konsa, fòk genyen reskonsablite ak patisipasyon sitwayen yo.

Politik pa konsènen Leta sèlman oswa aksyon yon gouvènman. Politik voye nou gade tout jan rapò sosyal ak ekonomik yo òganize nan yon sosyete. Nou dwe gade tou kondisyon materyèl ki gen nan sosyete a. Sa vle di, pa egzanp, nou dwe poze kesyon sou *fason yo pwodui richès ak jan yo separe yo*. Konsa, politik tounen zafè tout moun ak chak grenn moun. Paske nan yon kominote lavi tout moun boulonnen nan chapant sosyal ak politik yo.

Politik ak Eta dedwa

Pou asire patisipasyon tout moun nan sosyete a, fòk genyen règ jwèt. Se sa nou rele lalwa. Pou tout moun kapab patisipe egalego, fòk tout moun anba menm lalwa, fòk tout moun respekte menm lalwa.

Nou konnen, nan peyi nou, zafè lalwa se tèt chaje. Anpil moun pa respekte lalwa, oswa yo konsidere tèt yo pi wo pase lalwa. Men kèk pwoblèm ki genyen :

- An Ayiti se pouvwa ki konte. Konstitisyon se papyè, bayonèt se fè.
- Pou anpil moun, lalwa, zafè tribinal ak jijman se mistè yo pa rive konprann.

- Konn gen konfli tou ant koutim yo ak sa lalwa mande.
- Anpil atik nan lalwa yo depaman ak reyalite peyi a.
- Tribinal yo, kote yo dwe aplike lalwa, pa fonksyone kòmsadwa.
- Epitou, anpil abi fèt ak lalwa nan men. Anpil fwa, se kòm si lalwa la pou sa k gen mwayen ak lajan.

Epoutan, pa gen lavi nan sosyete a, si pa gen règleman lwa, epi si tout moun pa deside viv selon sa l mande. Respè pou lalwa se yon fason pou respekte lòt moun ki bò kote nou.

Respè pou règ jwèt yon Eta dedwa se kondisyon pou mennen politik la san fòs kote.

Yon senbòl pou twazyèm dimanch la

Dlo se premye bezwen chak moun genyen. Kote k gen dlo, moun rasanble.

Dlo a toujou fè n sonje batèm nou. Nou se manm nan pèp Bondye a ki prezan tankou yon lèdven, yon limyè, yon disèl anndan sosyete a.

An n òganize sosyete nou pou chak moun jwenn sa l bezwen pou viv kòm moun.

Katriyèm dimanch karèm
6 mas 2005

Patisipe nan misyon Legliz la nan sosyete a

Samyèl 16,1-13 : Yave di Samyèl : pa jije sou aparans.

Efezyen 5,8-14 : Kounye a, nou se limyè. Mache non, tankou pitit limyè.

Jan 9,1-14 : Nèg la reponn : m te avèg kounye a mwen wè.

Konprann Pawòl Bondye a

- Pwofèt la ap chèchè yon Wa pou Israyèl. Li rive nan fanmi Jese, yo prezante l tout pitit yo, sòf youn. Se kòm si dènye a pa enpòtan. Li pi jèn, l ap gade bèt. Men yo tout ap twonpe tèt yo, yo pa wè klè. Chwa Bondye a, se sa k te pi piti a, sa yo t ap bliye a. Se konsa chwa David kòm wa peyi Israyèl la te fèt. Se David k ap zansèt Jezi tou. Pa gen moun ki pa dwe pote kolaborasyon pa l pou delivrans la reyalize, pou bati peyi a epi pou fè sosyete a vanse.
- Swiv Jezi, mande pou wè klè. Pou patisipe nan misyon l, nou dwe lave je n. Ki sa ki anpeche moun wè klè ? Eske se pa bèl aparans, vye divizyon, prejije, jalouzi ? Gade farizyen yo nan levanjil la ki plen prejije devan nèg avèg la. Yo di : li fèt nan peche, l ap mouri nan peche. Ata paran li yo pè pran defans li. Piti piti avèg lan menm rive kwè epi li deklare lafwa li, menm si yo mete l deyò nan sinagòg la.
- Anpil fwa, nou pa wè sa k bèl ak sa k bon lakay nou ak lakay lòt yo. Eske se pa tout kalte zanmitay ak enterè n ap defann ki fè nou avèg, nou pa wè lòt yo ?

Apot Pòl ki sen fè n konnen nou se limyè, nou dwe mache tankou pitit Limyè. Pawòl sa a genyen awè tou ak reskonsablite e angajman sosyal nou yo. Lakay anpil kretyen, lafwa yo manke antre nan tout ajisman sosyal yo. Yo bon

moun, men yo pa wè si yo dwe pran responsablite pou chanje sosyete a. Anpil moun pa mare lavi yo nan sosyete a ak konviksyon lafwa yo. Yo sanble moun avèg, lè se pou konprann responsablite sosyal yo.

Epoutan, Legliz la genyen Ansèyman Sosyal li kòm yon zouti pou fè Levanjil la mache nan tout reyalite lavi moun. Dimanch sa a, n ap gade wòl Ansèyman Sosyal Legliz la genyen pou ede n patisipe pi byen nan lavi ak nan misyon Legliz nou an.

Gade *Ansèyman Sosyal Legliz la*

Ki sa Ansèyman Sosyal la ye ?

Depi tan karèm nan konmanse, chak dimanch nou pale sou Ansèyman Sosyal Legliz la. Men ki sa li ye menm? ASL (Anseyman Sosyal Legliz la) se yon zouti Legliz la mete nan men n pou fè travay anonse Bon Nouvèl la mache pi devan. Levanjil la mande pou kè moun chanje. Si kè moun chanje, relasyon youn ak lòt va chanje, epitou, n ap gade ki jan nou kapab òganize nou ansanm yon lòt fason nan sosyete a.

Nan Ansèyman Sosyal la, Legliz la sèvi ak eksperyans li nan sosyete a, li sèvi ak analiz reyalite n ap viv la, epitou, li fè bon jan refleksyon lafwa. Konviksyon lafwa nou yo sòti nan mesaj Levanjil la (nan Labib la, sitou nan lavi Jezi) ak nan tradisyon Legliz la. Konsa, genyen yon seri konviksyon ak prensip ki vin tabli sou fason kretyen dwe ajè ak konpòte tèt yo nan sosyete a.

Ansèyman Sosyal Legliz la, *se pa yon pwojè sosyete li ye*, kòmkiwa tout manm yo nan Legliz la ta oblije panse menm bagay epi adòpte menm estrateji (menm fason pou fè) pou reyalize yo. Sa Legliz la pwopoze, *se pa yon règleman lafwa li ye* nonplis. Konsa nou wè, ak menm pensip yo, nan non menm lafwa, fidèl yo kapab fe chwa ki divès anpil anndan reyalite konkrè n ap viv yo. Gen moun ki konprann sa mal. Yo santi sa twouble yo lè yo wè responsab yo nan Legliz la pa pale menm jan sou tout reyalite moun yo ap viv.

ASL la prezante yon seri prensip ak lide ki pou ede kretyen yo fè bon jijman sou diferan fason moun yo vle òganize yo nan sosyete a. Li bay prensip moral [sa vle di: sou sa k byen ak sa ki mal] pou yon moun ajè, epi pou yon sosyete òganize tèt li. Konsa, pou Legliz la se fòmasyon moun ak fòmasyon konsyans

moun ki pi konsekan. Prensip moral yo dwe ede moun yo fòme konsyans yo. Prensip sa yo, se bagay Legliz la mete devan chak kretyen tankou yon liy pou l swiv.

Men, pou prensip yo chita, fòk yo kole ak reyalite moun yo ap viv. Pou konprann reyalite a toujou fò n fè analiz. Nou bezwen sèvi ak sa lasyans fè n konnen. Zafè lasyans sa a se pa bagay lafwa yo ye. Reyalite sosyete a ap chanje. Konsa, Anseyman Sosyal Legliz la tou kapab evolye. Menm si prensip fondamantal yo rete menm jan, delè, yo konn aplike yo divès fason.

Kèk prensip fondamantal

Men kèk prensip Legliz la konsidere kòm enpòtan anpil pou lavi moun nan sosyete a:

- Chak moun sòti nan men Bondye. Lavi se yon kado nou chak nou resevwa. Chak moun gen menm diyite kòm moun. Chak moun dwe gade lòt la yon fason ki dakò ak diyite Bondye bay li a.
- Poutèt diyite l genyen, chak moun genyen dwa ak devwa tou. Li gen responsablite ak libète pou aji.
- Moun pase anvan sosyete a. Yo pa gen dwa sakrifye moun swadizan pou byen sosyete a. Men tou, chak moun dwe konnen li fèt pou viv ansanm ak lòt nan sosyete a. Chak moun dwe travay pou reyalize sa k nan enterè tout moun nan kominote a.
- Men ki sa ki nan enterè tout moun: se respè pou diyite l, se satisfaksyon bezwen fondamantal li yo, se jwenn sa ki dwa l (sa l merite jwenn paske se moun li ye), epi pou l fè devwa l anvè tout lòt yo. Wòl otorite a, se òganize sosyete a byen òganize l pou chak manm kapab viv kòm moun tout bon.
- Pou yon sosyete mache, pou yon peyi byen manbre, fòk chak moun kapab bay patisipasyon l, sitou fòk li kapab patisipe nan gwo desizyon ki gade lavi peyi a. Fòk moun santi yo nan solidarite youn ak lòt. Epi fòk yo pran desizyon alabaz toupre moun yo, se sa yo konn rele desantralizasyon: tout sa moun kapab regle yo menm menm, se pa yon lòt otorite ki pou vin fè l pou yo.
- Toujou, Levanjil la mande n pou sansib pou moun ki sou kote yo, e pou n fe yon chwa anfavè yo. Yon sosyete ki òganize yon fason ki kòrèk pa dwe asepte pou genyen moun ki sou kote, ki pa genyen dekwa pou viv, ki

pa santi yo respèkte diyite ak dwa yo, ki pa kab patisipe nan anyen, paske toutan se lòt k ap deside pou yo.

Pòv yo, se moun yo esplwate yo, se moun y ap fe dappiyanp sou yo. Mizè yo a se pa yon aksidan. Trè souvan, mizè yo se konsekans fason y ap fè nan sosyete a, ki gen kòm rezilta richès ak pouvwa vin chita pil sou pil nan sosyete a. Egzistans lamizè, se yon eskandal ak yon krim. Se joure nou joure Bondye si n ta di: se Bondye ki vle sa. Jezi te vini pou n genyen “lavi an kantite” (Jan 10, 10). Nan lamò li ak nan leve li leve a, Jezi te mete aklè epi li te konbat pouvwa yo ki pa pèmèt pòv yo jwi dwa yo pou yo genyen lavi an plen (Lik 4, 16-21). Bondye montre li chwazi pòv yo ak moun ki sou kote yo an premye. Laglwa Bondye parèt nan moun pòv yo ki jwenn lavi toutbon (Monseyè Romero). Rèl moun pòv yo nou tande, se vwa Bondye a k ap adrese nou yon defi.

*Jistis, Lapè ak Respè pou sa Bondye kreye.
Konvokasyon Konsèy Ekimenik Legliz yo te reyalize
Nan vil Seyoul, Kore di Sid, 6 rive 12 mas 1990*

ASL, yon zouti pou preche Levanjil la

Anseye epi fè moun konnen Ansèyman Sosyal Legliz la, fè pati misyon Legliz la : misyon sa a se gaye Levanjil la. Se yon moso nan mesaj kretyen an yo pa ka pouse sou kote. Ansèyman sila a fè n konnen ki konsekans Levanjil la genyen nan lavi sosyete a. Li mete travay n ap fè chak jou ak batay n ap mennen pou genyen jistis nan kad temwanyaj nou bay Kris Sovè a. Epi tou, li se yon sous inite ak lapè nan mitan konfli yo pyès moun pa kapab evite nan domèn ekonomik ak sosyal.

[Aprè 100 lane # 5]

Yon senbòl pou katriyèm dimanch la

Pawòl Bondye a se yon limyè k ap klere chimen lavi nou.

Pawòl sa a klere lavi nou ansanm ak lòt yo nan sosyete a tou. Ansèyman Sosyal Legliz montre n ki jan Legliz la mare lafwa nan Jezi ki leve a ak reyalitye sosyal yo.

An n chèche mwayen pou konnen ASL la pi byen.

Senkyèm dimanch karèm
13 mars 2005

Patisipe pou pèp nou an jwenn lavi

Ezekyèl 37,12-14 : Yave di : M ap mete Lespri m anndan n, n a tounen vin gen lavi.

Wòm 8,8-11 : Lespri Bondye abite nou.

Jan 11,1-45 : Jezi di : leve a ak lavi a, se mwen menm.

Konprann Pawòl Bondye a

- Pèp la an egzil. Li pa vo anyen ankò. Li pèdi figi l devan tout nasyon. Li sanble yon jaden plen ak vye zosman oswa yon tonm ki sere kadav sèlman. Pwofèt Ezekyèl deja wè ki sa pèp la ap devni gras ak moun ki kenbe lafwa yo, sa k viv selon espwa yo genyen nan Bondye, sa k renmen tout bon vre. Se fidelite yon ti gwoup moun anndan pèp la ki pèmèt Lespri Bondye fè mèvèy sila a. Nou kapab li pasaj Labib la ak anpil atansyon. Jodi a, pèp nou an sanble yon jaden ak zosman ak èskelèt ki parèt san yo pa gen lavi nan yo. Nou kwè nan Lespri Bondye a epi nou patisipe pou n reyalize lavi pou pèp nou an ak tout fòs lafwa ba nou.
- Se menm sa k fèt nan lavi Laza. Sè li, Mat, te swete Jezi te la pou sove l anba lanmò. Men Jezi fè l wè ki jan lafwa nan Bondye lavi a kapab fè mèvèy. Nan menm lafwa sa a Mat deklare devan Jezi : Ou se Pitit Bondye vivan an. Fèt Pak la se sa : se kwè nan projè Lavi Bondye ap reyalize ansanm avè n. Pwojè sa a se lavi pou pèp la, jan listwa Laza ki tounen jwenn lavi fè n wè. Pak, se viv pwojè lavi a nan tout relasyon n youn ak lòt. Kò nou yo tou fèt pou lavi, paske Lespri Bondye abite anndan n.
- **Nan non lafwa nou, ki yon kado Bondye, nou dwe fè yon chwa toutbon pou lavi vanse e triyonfe. Lafwa nou nan lavi toutbon an parèt nan jan**

nou pran lavi sa a Bondye konfyè n oserye. Se ladan nou patisipe e nou pran responsabilite n kòm sa dwa. Se ladan nou rekonèt prezans Jezi, menm jan ak Mat.

Semèn sa a nou gade ki jan nou kapab patisipe pou òganize lavi pèp nou pou sosyete a kanpe djanm. Demokrasi se yon fason pou òganize lavi yon peyi yon fason pou tout moun kab patisipe ladan l.

Gade Ansèyman Sosyal Legliz la

Demokrasi, yon fason pou òganize lavi sosyete a

Nan tout sistèm politik ki egziste, genyen youn ki rele sistèm *demokrasi reprezantatif*. Lè n pale sou dwa moun ak politik, li plis makònen avèk sistèm sila a. Modèl demokrasi sa a chita sou yon seri règ jwèt ki klè.

Gen moun ki panse demokrasi se fè sa ou vle. Men okontrè, demokrasi ki yon fason pou regle patisipasyon tout sitwayen, genyen anpil anpil règ ladan l. Men kèk nan yo :

- Libète ak egalite tout sitwayen dwe garanti. Lalwa ak tribinal yo dwe pwoteje libète sa yo.
- Leta dwe aji nan limit lalwa mete.
- Pouvwa Leta yo (egzekitif, lejislatif ak jidisyè) dwe endepandan youn ak lòt, epi yo dwe sou kontwòl.
- Eleksyon pou pran pouvwa dwe fèt yon fason regilye pou pèmèt pèp la chwazi reprezantan li yo. Eleksyon sa yo dwe lib, sekrè epi dewoule san presyon.
- Opozisyon an gen dwa pou li egziste epi li dwe kapab eksprime lide l lib.
- Demokrasi mache ak yon Leta ki chita sou lalwa, kote tout sitwayen yo anba menm règ lalwa.

Pwoblèm demokrasi reprezantatif la. Demokrasi konn genyen pwoblèm pou mete l kanpe. Tout lavi moun ansanm ak lòt genyen difikilte ladan l. Nou dwe mete men pou lavi moun dewoule kòmsadwa, pou chak moun konte.

Nan demokrasi reprezantatif la, sitwayen yo chwazi oswa eli moun ki reprezante yo, tankou prezidan, depite ak senatè onivo nasyon an. Yo chwazi divès otorite lokal tou tankou majistra, KASEK. Yo chwazi reprezantan yo nan yon eleksyon. Eleksyon yo menm konn chaje ak anpil pwoblèm.

Men konn gen lòt pwoblèm toujou. Men kèk nan yo :

- Eleksyon ak konpetans. Sitwayen yo chwazi moun yo vle. Sa pa toujou vle di yo chwazi moun ki pi konpetan pou fè travay la.
- Wòl sitwayen yo konn manke klè. Anpil moun panse se eleksyon ki demokrasi a. Menm depite ak senatè konn pa rann kont apre eleksyon an fin fèt.
- Kanpay elektoral yo koute anpil kòb. Gwoup enterè ekonomik yo voye moun pa yo nan eleksyon ak kòb pou mennen kanpay elektoral. Konsa rive genyen yon melanj ant enterè politik ak enterè ekonomik.
- Kandida yo pa klè sou pwojè sosyete yo genyen.
- Nan kad globalizasyon an, leta nasyonal yo vin genyen mwens pouvwa. Gwo leta fò yo ap fòse pwojè politik pa yo sou leta ki pi fèb yo.

Demokrasi patisipatif ak demokrasi dirèk. Yo konn pale tou sou *demokrasi dirèk*, kote sitwayen yo patisipe yon fason dirèk nan desizyon yo. Li pa posib pou aplike demokrasi dirèk pou chak desizyon yo dwe pran pou yon peyi. Men tout demokrasi dwe pèmèt patisipasyon. Gen metòd pou sa vin pi bon. Men kèk egzanp :

- Genyen **referandòm** oswa konsiltasyon popilè sou yon kesyon espesyal.
- Sitwayen yo konn òganize yon **petisyon**, kote plizyè sitwayen ansanm mete yon demann devan otorite reskonsab yo.
- Divès òganizasyon nan **sosyete sivil la** kapab mennen tout kalite inisyativ tou, tankou komite katye, asosyasyon pwofesyonèl, el.
- **Desantralizasyon** an kapab pèmèt pi gwo patisipasyon.
- **Sitwayen yo gen dwa mande tout otorite ki pase nan eleksyon yo rapò sou fason yo fè travay yo, epi gen mwayen legal pou revoke yo si sa pa mache byen.**
- Gen lòt egzanp toujou ...

Pa gen demokrasi si yo pa chèche amelyore patisipasyon sitwayen yo nan zafè ki gade peyi yo.

Nan demokrasi, dwe gen respè pou chak moun

- Demokrasi se sistèm ki pèmèt pi plis sitwayen patisipe ak libète sou baz tout moun egal ego. Jan yo konn di nan eleksyon : yon moun yon vòt.
- Demokrasi pa toujou vle di se moun ki pi konpetan k ap dirije peyi a.
- Anpil enterè patikilye kapab vin enfliyanse lespri moun k ap vote yo ak moun ki nan pozisyon otorite. Jounen jodi a, enterè ekonomik yo fò anpil.
- Demokrasi mande sitwayen ki konnen wòl yo ak bezwen peyi yo.
- Demokrasi se pa sèl nan kad politik sosyete a pou n pratike l. Sa vle di, demokrasi se yon mantalite li dwe ye tou.
- Demokrasi toujou dwe **chita sou yon seri valè**: respè pou moun, tolerans, respè pou desizyon majorite a, respè pou lide minorite yo, respè pou règ demokratik yo, negosyasyon ak pale ansanm.
- Yon **kilti demokratik** kapab mennen yon lòt fason pou fè politik nan peyi a. Paske, **genyen defi nasyonal ki mande pou tout moun mobilize, san yo pa gade ki tandans politik sitwayen yo genyen**. Egzanp : anviwònman, mizè ak grangou, pwoblèm lekòl ak lasante pou tout moun.

Patisipe pou mete yon bon sistèm demokrasi kanpe, ki mache ak bezwen pèp la, se yon fason pou bay pèp nou an lavi nan tan n ape viv la.

Yon senbòl pou senkyèm dimanch tan karèm nan

Yon kòd kapab yon zouti esklavaj ak lanmò. Men tou, li pèmèt nou kreye solidarite ak lavi.

Règ ak antant yo limite libète n, se vre, men yo pèmèt lavi moun nan sosyete a. Règ ak antant yo la pou pèmèt patisipasyon chak moun ak solidarite nan mitan manm yo anndan yon menm sosyete.

Sizyèm dimanch
Dimanch ramo
20 mas 2005

Patisipe se bliye tèt ou pou lòt

Matye 21,1-11 : Wa pa nou an vin jwenn nou. Li dou
Izayi 50,4-7 : Mwen konnen, mwen pa p sòti pèdan.
Filip 2,6-11 : Li te menm asepte mouri, mouri sou yon kwa.
Matye 26,14 rive 27,66 : Nèg sa a te Pitit Bondye sèten.

Konprann Pawòl Bondye a

Jodi a, dimanch Ramo, nou antre nan semèn sent la, kote nou sonje angajman jiskobou Jezi te pran pou delivrans pèp li a. Patisipe nan delivrans sila a, se bliye tèt ou pou lòt menm jan ak sa Jezi te fè a.

- Legliz la ap li levanjil lapasyon selon Matye ki sen. Tout levanjil Matye mete anpil aksan sou kominote kretyen yo. Levanjil Matye se sèl levanjil ki sèvi ak pawòl « Legliz la ». Kominote Legliz la dwe sanble ak Mèt la ki tounen Sèvitè ki bay vi l pou lavi kominote a. Lektè pwofèt Izayi a ede n konprann sa.

Men, ann gade ki jan disip Jezi yo patisipe nan soufrans Mèt yo a. Nan levanjil Matye, se tout disip yo ki montre yo fèb. Jida trayi Mèt la, e li vann li pou pri yon esklav. Disip yo ki te temwen Jezi chanje figi sou mòn nan (gade levanjil dezyèm dimanch tan karèm nan) ap dòmi nan jaden Jètsemani. Yo deja lage batay la (v. 43). Lòt yo kraze rak. Pyè menm ap di li pa konnen Jezi. Epitou, lè yo envite tout pèp la pou rekonnèt Jezi pou Mèsi (Sila a Bondye voye a), yo refize fè l.

Kote mesye disip yo fè fay, se medam yo nan levanjil la ki konsekan e ki pote patisipasyon yo. Yo montre yo gen konprann. Depi anvan dènnye soupe a, se yon fanm ki montre li konprann kilès ki Jezi, e ki sa k ap rive li. Li aji tankou yon pwofèt : li mete lwil santi bon sou tè li. Jès sila a, se jès pofèt yo fè pou sakre wa a. Plizyè fi rekonnèt Pyè se yon disip Jezi, men Pyè ap niye l. Se yon gwoup fanm Jerizalèm ki sou bò wout la. Madanm Pilat menm plede anfavè Jezi (27, 19). Yon gwoup fanm kanpe nan pye lakwa Jezi. Yo t ap swiv li tankou disip (27, 55-61). Se kèk fanm toujou ki kontinye ap veye bò kavo a. Se yo k temwen lamò Jezi ak leve li leve vivan.

Mesye disip yo fèb. Se yon chèf women etranje ki rekonèt Jezi kòm « pitit Bondye ». Pyè ap rekonèt trayizon li e li tounen patisipe nan kominote a. Jida rekonèt e li regrèt konplo li t ap fè a, l al depoze lajan nan tanp lan jan lalwa mande l la, men, li pa t gen fòs pou al jwenn kominote a.

- Pou fini, nou dwe konprann sans soufrans la byen. Bondye Papa a pa pran plezi nan soufrans moun oswa nan soufrans Pitit li Jezi. Okontrè, lè n gade soufrans Jezi yo, nou wè aklè ki kalite renmen Bondye genyen pou nou. Se renmen an ki bay Jezi fòs pou kenbe misyon li jouk nan bout.

Suiv Jezi, se chèche sa k anfòm pou peyi a ak pou chak moun ki ladan l. Swiv Jezi se sèvi li nan lòt yo. Pa genyen chanjman toutbon kote moun yo pa vle pran sityasyon yo nan men yo. Men tou, tout moun dwe respekte yon seri prensip pou yo kapab viv ansanm. Respekte prensip sa yo se deja yon premye fason pou n sèvi frè ak sè n yo.

Etan n reflechi sou sans sakrifis genyen nan lavi nou, se yon moman pou pale sou règ konduit yo chak kretyen dwe respekte pou gen lavi pou tout moun nan sosyete a. N ap gade kèk règ konduit ki pou pèmèt sitwayen viv ansanm nan yon menm peyi. Lè n respekte lavi moun, nou montre respè n genyen pou Lavi Bondye anndan chak moun. Lè sa a nou nan chimen Lavi Pak la.

Gade Ansèyman Sosyal Legliz la

N ap gade yon Règ konduit pou sitwayen. Nou pa kapab pale sou tout pwèn sa yo ansanm. Selon kominote a, nou kapab chwazi kèk nan yo pou fè wè ki jan patisipe nan bati peyi a, se yon angajman moral li ye : nou dwe chèche sa ki bon pou lòt yo ak pou tout sosyete a.

Seri Règ konduit pou politisyen ak sitwayen yo

Tout peyi oswa sosyete ki vle rive nan chimen pwogrè ak devlopman dwe chita sou yon seri prensip ki pou pèmèt li fonksyone. Prensip sa yo fè n wè ki sa ki bousòl li, si gen moralite, transparans, verite, onète, ki règ jwèt ki genyen. Nou toujou bezwen sonje ki sa politik ak demokrasi vle di.

Politik voye n al gade baz òganizasyon lavi nan sosyete a. Nou tout kondane pou n viv ansanm, pou mennen yon vi kolèktif, pa gen mwayen pou n viv andeyò sosyete a. Lavi òganize sa a, pote mak fabrik yon seri desizyon politik. Nan sans jeneral sa a, nou di zafè politik se zafè tout moun, zafè tout moun se zafè politik.

Egzistans nou pa kapab lòt bagay pase viv ansanm nan yon peyi, yon leta oswa yon kominote politik. Mennen bak peyi a se wòl otorite politik yo. Men, patisipasyon tout gwoup yo enpòtan pou deside nan ki fason pou yo fè l. Lè n ap pale sou jesyon leta a, nou pale sou politik nan yon sans espesyal.

Refleksyon sa yo pèmèt nou pwopoze yon kòd konduit pou politisyen ak sitwayen yo. Chak sitwayen dwe konprann sans lavi moun nan sosyete a genyen. Dwe genyen verite, transparans ak moralite nan konpòtman gwoup ak sitwayen yo. Tout moun dwe chèche sa k nan enterè tout moun nan kominote a [sa yo rele *le bien commun*]. Fòk sitwayen yo konn **bay tèt yo** pou lavi kominote a.

Seri Règ konduit pou politisyen yo

Lè n gade byen kisa politik la ye, nou wè li genyen yon sans jeneral kote li se baz òganizasyon yon sosyete ki pou pèmèt tout moun viv kòm moun toutbon, epi nan yon sans espesyal li pèmèt nou gade fason y ap mennen bak peyi a. Sa pouse nou gade kòman politik la ye nan peyi d Ayiti.

Lè n gade nan ki fason politisyen ayisyen yo ap mennen peyi a, yo menm rive fè nou konprann politik se yon bagay ki sal. Depi 200 zan bak peyi a mal mennen. Poutèt sa nou deside mete sou pye yon seri Règ konduit moral ki kapab sèvi yon gid pou politisyen ayisyen.

- Lè n sonje oubyen lè n gade politik se yon chapant sosyete a, paske politik se òganizasyon lavi nan sosyete a pou pèmèt tout moun kapab viv kòm moun;
- Lè n gade kijan dwa moun makònen ak fason politik la òganize nan yon peyi ;
- Lè n gade kijan politik dwe pwoteje diyite ak dwa moun ;
- Lè n gade kijan politik dwe sèvi enterè kominote a ak chak moun nan kominote a ;
- Lè n gade ki gwo responsablite yon politisyen genyen;

Pou tout rezon sa yo nou deklare:

1. Politisyen dwe respekte manman lwa peyi a ak tout lwa ak prensip ki kondwi lavi peyi a ;
2. Yon politisyen dwe gen **konpetans** ak **kapasite** politik;
3. Yon politisyen dwe genyen yon pwogram politik oubyen yon pwojè sosyete li pataje ak lòt moun ki nan menm pati politik ak li;
4. Yon politisyen dwe patisipe nan fòmasyon sivik sitwayen yo;
5. Li dwe konnen istwa ak reyalite peyi l;
6. Li dwe respekte bon tradisyon peyi a;
7. Li dwe gen moralite, li pa dwe fè lajan sou do pèp la nan movèz kondisyon;
8. Li pa dwe bay manti, fòk li gen transparans nan tout bagay ;
9. Li dwe mete tèt li nan sèvis pèp la, li dwe yon gadyen pou pèp la;

10. Li dwe respekte epi fè pwomosyon pou dwa moun;
11. Li dwe respekte lwa entènasyonal yo ki garanti dwa moun e ki an akò ak Konstitisyon an;
12. Li dwe gen respè pou enstitisyon yo ak règ jwèt demokratik la;
13. Nan aksyon politik y ap mennen, politisyen yo dwe fè sa nan respè youn pou lòt ;
14. Okenn politisyen oubyen gwoup politik pa dwe bloke peyi a nan pwòp enterè pa yo pou fè popilasyon an souffri;
15. Tout politisyen fèt pou konnen wòl ak responsablite yo genyen anvwè nasyon an ;
16. Pati politik yo dwe fòme pwòp manm yo pou yo konnen sa pati politik yo a ap defann, epi ki konpòtman yo dwe genyen nan travay militan politik yo.

Seri Règ konduit sa a enpòtan anpil paske l ap pèmèt politisyen yo gen yon kilti politik epi l ap pèmèt peyi a vanse nan chimen demokrasi.

Seri Règ konduit pou tout sitwayen

- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen dwe mèt tèt ansanm pou fè peyi a mache sou wout pwogrè ak devlopman;
- Lè n sonje tout Ayisyen gen dwa ak devwa ki konsènen peyi l;
- Lè n sonje richès peyi a dwe pèmèt tout sitwayen ayisyen viv byen kòm moun ki gen diyite ;
- Lè n sonje fanm ak gason egal ego devan lalwa ;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen gen pou patisipe nan tout aktivite peyi l, epi bay dizon yo nan sa k ap fèt la;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen dwe bay kilti peyi a valè ;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen dwe mache sou prensip lalwa ;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen gen dwa fè pwòp chwa politik yo ;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen dwe viv lib nan peyi yo ;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen gen dwa jwenn bonjan enfòmasyon sou sa k ap pase nan peyi l ;
- Lè n sonje tout sitwayen ayisyen dwe jwenn sèvis kòm sadwa nan men leta ;
- Lè n sonje kijan imoralite a fè sitwayen yo pèdi tèt yo :

Pou tout rezon sa yo, nou pwopoze yon seri règ konduit sitwayen yo ta dwe respekte :

1. Tout sitwayen dwe chèche konn dwa ak devwa yo ;
2. Tout sitwayen dwe respekte manman lwa ak drapo peyi a ;
3. Tout sitwayen dwe peye taks ;
4. Tout sitwayen dwe proteje anviwònman an ;
5. Tout sitwayen dwe respekte diyite ak lavi moun ;
6. Tout sitwayen dwe respekte byen leta ;
7. Tout sitwayen dwe respekte ak proteje patrimwàn nasyonal yo;
8. Tout sitwayen dwe travay, patisipe pou ranfòse demokrasi nan peyi a ;
9. Tout sitwayen dwe travay nan avantaj peyi a ;
10. Tout sitwayen dwe mete men nan pwodiksyon nasyonal la ;
11. Tout sitwayen dwe respekte opinyon lòt yo ;
12. Anvan yon sitwayen al vote, li dwe chèche konnen aklè ki pwogram pati politik yo genyen pou peyi a ;
13. Nan yon sosyete, sitwayen yo dwe onèt epi gen lespri patisipasyon ak solidarite.
14. Tout sitwayen dwe respekte otorite ki etabli yo selon lalwa.

Règ sa yo enpòtan anpil, paske nou vle bati yon sosyete ki chita sou lalwa, kote yo respekte dwa ak diyite chak moun.

Seri règ konduit sa yo fèt dapre repons patisipan yo te bay sou kesyon sa a nan yon seri sesyon fòmasyon ki te fèt nan divès dyosèz yo.

Senbòl pou dimach Ramo a,

Se ramo oswa branch vèt. Branch yo se siy lafwa nou ak espwa n nan Lavi a.

Semèn Sent

Seremoni pou chanje kè nou

Nan okasyon fèt Pak la, Legliz la envite fidèl yo chanje kè yo tout bon. Li envite nou pran konsyans reskonsablite sosyal nou yo. Lè n deside rekonsilye, lè n deside konfese, se paske nou rekonnèt fòt ak mank nou yo, se paske nou konsyan pwòp reskonsablite nou genyen nan sak sa k fèt yo.

Dapre sa n te reflechi pandan tan karèm sa a, nou vle kalkile sou reskonsablite sosyal nou genyen devan avni peyi a.

Lèkti labib (*Chwazi youn nan lèkti tan karèm yo*).

Nan medyasyon an, nou kapab fè moun yo sonje divès tèm nou te devlope chak dimanch nan tan karèm nan. Nou kapab poze kèk kesyon ki ede mare angajman nou nan sosyete a ak konviksyon lafwa nou yo kòm kretyen.

Avni nou, se nan men nou li ye ak fòs Lespri a.

- Nou gen diyite, nou responsab.
- Patisipasyon nou pou peyi a vin bèl gen awè ak diyite nou kòm moun.
 - Nou gen reskonsablite pou tout sa Bondye krete.
 - Nou genyen reskonsablite pou fanmi nou yo ak pou fòmasyon konsyans pitit nou yo.
 - Nou responsab peyi nou.
 - Nou dwe patisipe yon fason responsab nan zafè politik peyi a tou, ede òganize l pou chak moun kapab patisipe nan tout gwo desizyon yo.
 - Nou dwe travay pou disparèt vye divizyon, fè wè ak entolerans,
 - Nou kite anpil okazyon pase pou chwazi pwojè Bondye Lavi a.
- Nou se yon Legliz k ap swiv Jezi ki temwen Lavi a.

Mande padon.

Anvan fidèl yo avanse pou fè konfesyon yo, nou kapab lapriyè ansanm.

Paske nou pase Bondye nan jwèt : n ap fè bèl deklarasyon, bèl diskou alòske nou pa sòti pou n chanje anyen nan konpòtman n, nan rapò n ak Bondye, nan rapò n ak frè ak sè nou yo. An nou mande Bondye padon.

Paske nou nan manti: n ap pale bèl pawòl pou nou fè lòt kwè nou renmen peyi n, nou se patriyòt, nou se pwogresis, men an reyalite nou pa deside pran angajman serye pou peyi nou chanje. An nou mande Bondye padon.

Paske nou kouri dèyè mirak, pou nou pa fè jefò Bondye mande nou yo. Paske nou refize pran mirak Jezi yo pou siy delivrans li vin pote ban nou an, paske nou refize travay pou tout moun jwenn manje, jwenn swen dòktè, paske nou refize travay tankou asosye Bondye pou nou bati yon lòt sosyete tou nèf, yon lòt Ayiti tou nèf. An nou mande Bondye padon.

Paske nou pa chèche makonnen lapriyè n ak jefò Bondye mande n yo. Paske lapriyè n ap andòmi n, ap separe n ak batay pou nou vin pi bon, pou pwogram Bondye yo tounen reyalite sou tout tè a. An nou mande Bondye padon.

Paske n ap pwomèt tout tan n ap chanje rapò n ak lòt yo : ak madanm nou, ak mari nou, ak pitit nou yo ak paran nou yo, ak frè ak sè nou yo, ak vwazinaj, ak konpatriyòt nou yo, ak tout pwochen nou yo. Men anyen pa janm fèt vre. An nou mande Bondye padon.

Paske nou pran santiman n yo pou reyalite. Paske nou pa kenbe fèm nan lit la pou nou chanje toutbon vre, paske nou pa kenbe fèm nan batay pou peyi nou an chanje toutbon vre. An nou mande Bondye padon.

Paske nou renmen nan bouch ase. Tankou nou li nan Labib la, nan Lèt Jak la, nou voye frè nou yo al abiye yo san nou pa ba yo rad, nou voye yo al manje san nou pa bay yo manje. An nou mande Bondye padon.

(Sous : Fè sa pou nou sonje mwen, Ane A-1)

Dimanch Fèt Pak la
27 mas 2005

Patisipasyon chak sitwayen
se chimen pou bati lapè nan peyi a

Travay Apot yo 10, 34-43 : Nenpòt moun ki kwè nan li, va jwenn padon
Kolòsyen 3, 1-4 oubyen 1 Korent 5, 6-8 : Wete vye lèdven lontan an sou nou.
Jan 20, 1-9 : Fòk li leve sòti pami mò yo.

Konprann Pawòl Bondye a

- Tout moso Labib nan okazyon fèt Pak la pale n sou yon Lavi tou nèf. Yon nouvo Lavi k ap anvayi lavi nou sou tè a, epi lanmò pa janm kapab detwi l. « Wete vye lèdven an. » Retire sa k bay yon gou amè nan ou menm. « Chèche sa k anwo a. » Mennen yon lavi ki dakò ak sans lavi n ap chèche a.
- Nan Jezi ki leve a, nou jwenn sans lavi n ap chèche a. Nou fèt pou lavi. Se Bondye ki ofri n nouvo Lavi sa a. Tout moun ki kwè nan Jezi ki leve va jwenn padon. Nan padon Bondye ba nou, Lavi tounèf la deja konmanse fleri nan mitan n. Jistis, Lapè ak Padon mache ansanm. Pa gen Lapè si pa gen Jistis, pa gen Jistis si pa gen Padon.
- Nan tan n ape viv la nou dwe vin sansib pou tout sa ki fè lavi fleri, pou sa ki fè lapè vanse.

Nouvo Lavi a, pou pèp nou an tou, se nou k pou konmanse bati l ak fòs Lespri Bondye vivan an ki te gide Jezi pandan tout vi l nan mitan n epi ki te bay Jezi lavi jou fèt Pak la. Nou patisipe ansanm ak Li pou bay pèp nou an Lavi. Nou kolabore ak Bondye pou pèp nou an kapab jwenn gwo sans lavi li sou tè a.

- Pandan tout tan karem nan, nou te gade ki jan nou kapab patisipe pou fè lavi jèmen nan mitan nou, epi pou peyi nou kapab tounen avangou Peyi kote Bondye Wa a.
 - Patisipe nan pran responsablite pou tout sa Bondye kreye toujou bèl.
 - Patisipe pou bati lakay nou ak fanmi nou.
 - Patisipe pou bati kominote nou ak peyi nou.
 - Patisipe nan misyon Legliz la anndan sosyete a.
 - Patisipe pou pèp nou an jwenn Lavi.
 - Nou te wè tou : patisipe se bay tèt ou pou frè ak sè ou yo.

- Nou ta p gade divès tèm sa yo yon fason konkrè devan reyalite pèp nou an ap viv. Nou dwe konstwi lavi sosyete nou an, nan respè pou tout sa Bondye kreye. Nou dwe konprann wòl fanmi nou yo kòm premye lekòl kote yo fòme konsyans jèn ak timoun yo. Nou dwe konprann vrè sans yon angajman nan sosyete a; se sa n rele domèn politik la. Legliz la ba nou yon zouti ki kapab ede n wè klè nan sosyete a, sa n rele Ansèyman Sosyal Legliz la. Yon fason espesyal, nou vle òganize patisipasyon chak Ayisyen nan konstwi sosyete nou an. Se sans demokrasi y ap pale toutan an. Tout moun pale sou li. Kèk moun vle konprann vrè sans li. Yon ti ponyen moun sèlman dakò pou viv tout egzijans ki genyen ladan l.

- Jou dimanch Ramo, ak Jezi ki t al jous nan bout nan fidelite l ak Bondye, nou t ap gade yon fason trè konkrè ki mòd konpòtman ak santiman nou dwe genyen pou bati peyi nou ak kominote nou: patisipe se bliye tèt ou pou lòt.

Patisipasyon tout moun nesèsè pou n kapab bati yon peyi nan lapè, kote tout moun santi yo pran l oserye. Gras ak patisipasyon sila a nou kapab bati sosyete n selon sa k kòrèk, nou kapab padonnen ak rekonsilye chak fwa sa nesèsè. Konsa nou deja patisipe nan Lavi toutbon fèt Pak la.

Gade Ansèyman Sosyal Legliz la

N ap fè sonje kèk egzijans ASL la mete devan n, lè l pale sou lapè nan mitan moun anndan yon menm sosyete.

Yon ti kalkil sou Lapè ak Rekonsilyasyon

Rekonsilyasyon se yon lòt mo pou Lapè. Gen kondisyon pou rekonsilyasyon kapab fèt.

1. Pou kab gen rekonsilyasyon fòk moun yo **anvi retabli relasyon** ki te la anvan yo, oswa pou viv youn bò kote lòt la. Fòk genyen **volonte** pou sa. Pa kab gen rekonsilyasyon ak lapè si moun pa vle.
2. Pou kab gen rekonsilyasyon fòk chak pati **rekonèt lòt la kòm moun**, ak tout diyite l. Lènmi an tou, se yon moun li ye. Kote moun pa rekonèt sa, pa kab gen rekonsilyasyon. Lè gen konfli, sitou lè konfli yo cho, pati ki nan konfli yo konn pa rekonèt lòt la tankou moun ankò. Rekonsilyasyon kapab fèt sèlman nan mitan moun.
3. Pou kab gen rekonsilyasyon dwe genyen **tolerans**. Tolerans pa genyen awè ak move sitirans. Men tolerans pa kab dakò ak vanjans, epi li pa p swiv chimen pwovokasyon an. Nan anpil konfli, kote se youn k ap tire vanjans sou lòt, viktim yo jodi a ap tounen bouwo denmen, bouwo yo jodi a ap tounen viktim denmen. Viktim nan ap fè sa l kapab pou l parèt viktim pi plis, paske se sa k pèmèt li tire vanjans denmen, epi tounen bouwo pi devan. Nou dwe rekonèt yon moun ki viktim li viktim. Men, nou dwe ede viktim nan pou l pa fèmen tèt li pou kont kò l.
4. Pou kapab gen rekonsilyasyon fòk gen **verite**. Nan konfli a, chak moun gen verite pa l. Pati yo dwe rive rekonèt verite lòt la. Chak pati genyen bezwen fondamantal ki bezwen satisfè. Gras ak verite a tou, nou rekonèt gen yon bagay pou padonnen. Anpil fwa nan konfli a moun gen tandans grandi evènman yo, chak moun, chak kominote ap konstwi verite pa l. Delè moun konn imajine bagay ki pa t fèt vre. Tout sa pa ede rekonsilyasyon, padon ak lapè nan mitan moun ki nan konfli.

Rekonsilye vle di: rebati konfyans ak relasyon nan mitan moun. Rekonsilye moun, se ede moun depase sispisyon, enterè mèsken ak pèsepsyon. Rekonsilye moun se ede yo rekonèt tò ki fèt la, pou pèmèt yo retabli relasyon ki te la anvan yo.

Kèk chimen pou rekonsilyasyon ak padon

1. *Rekonsilyasyon genyen awè ak padon*, men li pa fasil pou di kilès ki pou vini anvan lòt. Padon depann de viktim yo, se yo ki padonnen. Nan jès padon an, sikoloji antre ladan l, ni konviksyon relijye yo tou. Men padon an, ou pa kapab egzije l. Padon toujou ap rete yon kado. Padonnen vle di: bay depase mezi.
2. Nou kapab *konsidere rekonsilyasyon (menm jan ak padon) tankou yon objektif nou dwe atenn*. Nou kapab gade li tou tankou yon chimen pou n mache. Lè n gade rekonsilyasyon tankou yon pwosesis, nou dwe kòmanse viv sa n bezwen reyalize a, nou kòmanse kreye espas kote moun kapab rankontre. Depi sa fèt, se rekonsilyasyon an menm ki konmanse reyalize.
Genyen divès espas. Konsa, genyen espas sikolojik (kote moun pa santi genyen menas oswa danje); genyen espas sosyal (kote moun ki nan konfli youn ak lòt dakò rankontre epi pale antre yo); genyen espas politik tou. Espas sila yo, se kote k genyen verite, konfyans ak diyalòg. Li enpòtan tou pou gen espas anndan moun yo (nou pale sou silans).
3. *Rekonsilyasyon pa janm dwe separe ak verite oswa ak jistis*. Rekonsilye se refè relasyon yo ant moun, se repare sa k te detwi, mete anfòm sa k pa mache kòmsadwa. Genyen bezwen fondamantal yo ki dwe satisfè. Relasyon pouvwa nan mitan moun dwe genyen ekilib ladan l. Sa vle di : bon relasyon nan mitan moun, epi rekonsilyasyon tou mare ak jistis nan mitan moun. Vrè jistis, se relasyon kòrèk nan mitan moun : kote gen ekilib nan relasyon pouvwa a, kote chak moun jwenn satisfaksyon pou bezwen fondamantal yo, kote gen verite, epi moun santi yo byen youn ak lòt. Lè n fin fè tout sa lalwa mande, sa pokò vle di nou rive tabli lapè. Nan anpil konfli menm, lalwa pa konn aplike, tèlman bagay yo vin konplèks. Konsa nou konprann tou : Pa gen Lapè san pa gen Jistis, pa gen Jistis san pa gen Padon (Jan Pòl 2).

Eske nou kwè toutbonvre, rekonsilyasyon ak padon se chimen ki kab ede n bati lapè ak jistis nan kominote a? Eske nou kwè yo se chimen pou n viv depi kounye a lavi Jezi ki leve a?

Yon senbòl pou dimanch Pak la

**Nou kapab reprann plizyè senbòl ki te sèvi pandan tan karèm nan.
Nou kapab mete bèl dekorasyon ki siy nouvi Lavi nou vle pou peyi nou.**

Nou sèvi ak dlo lè n renouvle pwomès batèm yo. Angajman batèm nou genyen anpil sans pou patisipasyon nou dwe bay nan lavi sosyete a.

Gran priyè pou fè Lwanj pou Bondye

*(Kote se lofis n ap fè, chak dimanch,
nou kapab sèvi ak priyè sa a ki fè n sonje lavi Jezi Kri)*

N ap di ou mèsi, Bondye Gran Mèt, ou menm ki fidèl e ki gen bon kè.
Mèsi pou Jezi, Pitit ou, Gran Mèt nou e frè ou te ban nou an.
Li te viv ak pòv yo ak malad yo ak timoun yo,
ak moun ki t ap viv nan peche,
pou jan li te tèlman renmen yo.
Lavi tout moun te di li kichòy.
Nan lavi li ak nan pawòl li, li monte nou
ou se yon Bondye ki okipe tout moun,
tankou yon Papa, tankou yon manman, k ap okipe pitit li.
Se pou sa, n ap fè lwanj ak konpliman pou ou,
n ap di jan ou bon, jan ou fidèl.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Nou di ou mèsi, Papa ki sen tout bon
ou toujou avèk nou lè n ap mache sou chemen jistis ak lavi a.
Ou avèk nou toujou
lè Legliz ou a reyini pou sonje lavi Pitit ou a Jezi.
Nan renmen li renmen tout moun,
Jezi pa t asepte okenn kalite manti, enjistis, ipokrizi.
Li te anonse yon chanjman ki pou fèt.
Li te mete tout konfyans li nan ou menm, Bondye ki Papa li.
Li rele tout malere yo pou yo vin jwenn ou.
Se pou sa, sa k te gen pouvwa yo rayi l, epi yo touye l.
Men lanmò a pa t gen dènnye mo nan lavi Jezi:
Ou fè l leve vivan pami mò yo.
Konsa, lanmò li sou lakwa a pote anpil fwi,
epi l ap pote anpil fwi toujou,
paske sou lakwa a yon nouvo pèp fèt, k ap chante lwanj ou.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Granmèt, pou jan ou bon,
tanpri, fè Lespri Sen an rasanble nou tout
ansanm ak Pap Jan Pòl 2,
ansanm ak Evèk nou.....
ansanm ak tout moun ki pran chaj pèp ou a.
Louvri je nou pou n ka wè tout moun ki nan ka.
Fè n jwenn nan tout okazyon sa yo yon pawòl k ap soulaje tout moun sa yo,
èspesyalman lè nou fas a fas ak moun ki depafini anba gwo pwoblèm.
Ban n fòs ak kouraj pou n konnen sa n ap fè
pou n leve frè ak sè nou yo k ap drive anba lamizè ak kraze zo.
Fè Legliz la louvri pòt kay li
pou l sèvi verite ak libète temwen, san gade dèyè.
Konsa Jistis ak Lapè va simaye
pou tout moun sou tè a ka reprann espwa.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Bondye Papa, chè Papa nou, fè tout moun ki batize yo
tounen patizan Jezi Kri tout bon vre.
Bondye Papa, nou mete devan ou
tout moun ki sèvi Jistis ak Lapè temwen.
Nou mete davan ou gwo foul moun sila a
ki viktim lenjistis toupatou sou latè a.
Lè n ap fini pelerinaj n ap fè anwo tè beni sa a,
louvri bra ou byen laj pou resevwa nou nan Peyi kote Jezi Kri Wa a.
Lè sa a, n a gen espwa jwenn tout kalite benediksyon,
nan tèt ansanm pou tout tan.
N ap kontinye fè konpliman pou ou
nan Jezi Kri Sovè nou an ak Granmèt nou an.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Ekaristi ak angajman sosyal

Ekaristi a pa sèlman montre kominyon ki genyen anndan Legliz la, men li se yon pwojè solidarite pou tout moun sou tè a. Lè legliz la selebre Ekaristi, li toutan ap sonje li se siy ak enstriman tèt ansanm ant moun ak Bondye, epi tèt ansanm ki dwe genyen pami tout moun sou tè a. ... Yon patizan Jezi k ap patisipe nan Ekaristi a aprann tounen *yon moun k ap konstwi tèt ansanm, lapè ak solidarite* nan tout sikonstans lavi a. Nan konmansman twazyèm mil ane sa a, nou wè jan sosyete nou yo dechire, genyen teworis, genyen lagè anpil kote. **Patizan Jezi yo dwe viv Ekaristi a tankou *yon gwo lekòl lapè, kote moun – gason kou fi – ki genyen divès reskonsbalite nan lavi sosyal, kiltirèl ak politik, aprann tounen moun k ap mete dyalòg (pale ansanm) ak tèt ansanm.***

Gen yon lòt pwèn toujou ki merite atansyon n toujou paske li fè n wè aklè si nou patisipe tout bon nan Ekaristi a anndan kominote nou yo. Pwèn sila a se **chalè a ki sòti nan Ekaristi a e ki pouse n pran yon angajman reyèl pou bati yon sosyete ki pi pi jis ak pi fratènèl.** Nan Ekaristi a, Bondye nou an fè n wè pi gwo fason pou moun renmen. Li boulvèse tout kritè pouvwa k ap regle relasyon ki genyen nan mitan moun epi li mete kritè sèvis la devan yon fason radikal. « Si yon moun vle premye nan mitan nou, li dwe tounen dènye ak sèvitè tout lòt yo » (Mak 9, 35). Se yon bagay byen kalkile lè nan levanjil Jan nou pa jwenn kote Jezi mete Ekaristi a, men nou jwenn kote Jezi ap lave pye patizan yo (Jan 13, 1-20). Lè Jezi mete ajenou devan disip yo pou lave pye yo, li esplike yo byen klè ki sa Ekaristi a ye. Pòl ki sen bò kote pa l fè n sonje ak fòs nou pa gen dwa selebre Ekaristi kote lacharite pa parèt aklè nan fason konkrè nou pataje ak sa k pi pòv yo (Premye lèt Korènt 11, 17-22 ak 27-34). ... Nou pa dwe twonpe tèt nou: se renmen youn genyen pou lòt, sitou kè sansib nou pou sa k nan bezwen, k ap pèmèt yo rekonèt nou pou disip Kris la (Jan 13, 35; Matye 25, 31-46). Se li k montre si nou selebre Ekaristi tout bon vre.

Mèt rete avèk nou, # 27-28

Lè pè a di « Ale ak kè poze », se Legliz la ki voye nou nan misyon. Li voye nou travay pou Kè poze rive toupatou, kè poze k ap mache ak renmen, verite ak jistis.

Monseyè J. Serge Miot